

# Ou te Mande: Èske FEMA ka ranbouse m pou depans lojman mwen an?

---

Release Date: Sep 18, 2021

Si w ap viv nan youn nan 25 pawas yo deziyen pou jwenn èd FEMA epi ou te fè depans pou lojman akoutèm akòz Siklòn Ida, ou ka kalifye pou ranbousman.

**Kesyon:** Èske FEMA ka ranbouse m pou depans lojman mwen an?

**Repons:** FEMA ka anmezi pou bay ranbousman pou depans lojman ki soti nan pòch ou avantaj asirans pa kouvri tankou depans siplemantè chak jou oswa pèt itilizasyon yo. Yo dwe pran an konsiderasyon rezidans prensipal sivivan an t ap viv ladan an anvan katastwòf la, kounye a ki dwe envivab, pa aksesib oswa yon pàn sèvis publik pwolonje akòz katastwòf la afekte li.

**Kesyon:** Mwen gen asirans, èske yo ka toujou ranbouse m pou depans lojman mwen an?

**Repons:** Dapre lalwa, FEMA pa kapab double avantaj asirans la. Kontra asirans lan ka gen ladan Depans Siplemantè Chak Jou oswa Pèt Itilizasyon Kouvèti Asirans, ki se yon avantaj ki bay lajan siplemantè pou kouvri depans ki ogmante yo, ki gen ladan lojman tanporè, lè ou pa kapab viv lakay ou akòz yon pèt asirans kouvri.

Yo ka pran an konsiderasyon Ranbousman Depans pou Lojman (Lodging Expense Reimbursement, LER) nan men FEMA sèlman si yon aplikan pa t resevwa èd pou lojman nan okenn lòt sous (tankou, òganizasyon volontè) pou menm dat aplikan an ap mande LER.

**Kesyon:** Ki enfòmasyon mwen bezwen bay pou m mande ranbousman?



**FEMA**

Page 1 of 4

**Repons:** Pou yo kapab pran ou an konsiderasyon pou LER, aplikan ki kalifye yo dwe soumèt resi lojman ki ka verifye oswa relve detaye ak enfòmasyon sa yo: Non aplikan an oswa ko-aplikan an, enfòmasyon pou founisè lojman an (non, adrès ak nimewo telefòn), dat ou te antre nan lojman an ak kantite depans ki fèt yo.

**Kesyon:** Ki kote mwen ka telechaje resi lojman mwen yo?

**Repons:** Aplikan yo ka telechaje resi yo sou entènèt sou kont yo a [DisasterAssistance.gov](#). Tout dokiman yo dwe gen ladan yo nimewo anrejistrem an ak DR-4611-LA. [Telechaje enstriksyon sou kòman pou telechaje dokiman ou yo](#). Enfòmasyon sa a disponib nan plizyè lang.

Sivivan yo kapab soumèt yo tou atravè lapòs estanda nan:  
P.O. Box 10055  
Attn: FEMA  
Hyattsville, MD 20782-8055

Oswa Faks 1-800-827-8112 (Paj kouvèti obligatwa)

**Kesyon:** Kilè mwen ka espere resevwa ranbousman pou depans lojman ki kalifye mwen an?

**Repons:** Anplwaye k ap fè pwosesis la revize demann LER yo manyèlman. Nan pi gwo katastwòf, tankou Siklòn Ida, li ka pran youn jiska de (2) mwa apre w fin soumèt resi yo pou resevwa ranbousman.

**Kesyon:** Èske yo ka ranbouse m pou depans manje oswa frè transpò mwen pandan mwen rete nan yon otèl?

**Repons:** Non. Depans ki kalifye yo kapab depans pou yon chanm ak taks yon lotèl enpoze w oswa yon lòt founisè lòjman. Sa pa gen ladan depans pou manje, apèl telefòn, transpò oswa lòt depans divès.

**Kesyon:** Mwen rete kay zanmi oswa fanmi; èske yo ka ranbouse m pou nenpòt depans?



**FEMA**

Page 2 of 4

**Repons:** Non. Yo p ap ranbouse depans lojman ki te fèt pandan w abite lakay fanmi oswa zanmi w.

**Kesyon:** Èske LER menm jan ak èd pou lokasyon?

**Repons:** Non LER se ranbousman pou depans lojman ki soti nan pòch ou (lojman ak taks) avantaj asirans pa kouvri tankou depans siplemantè chak jou oswa pèt itilizasyon.

Èd pou lokasyon se lajan ki ka itilize pou peye pou yon lòt kote pou viv oswa rete pandan yon sivivan pa ka viv nan kay prensipal yo. Yo bay èd pou lokasyon an dirèkteman pou pwopriyetè kay la oswa lokatè a. Prim lokasyon yo baze sou pouvantaj Lwaye Mache San Patipri Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an idantifye pou yon zòn lojman apa.

**Kesyon:** Èske LER menm jan ak Èd pou Abri Tanporè?

**Repons:** Non LER se ranbousman pou depans lojman ki soti nan pòch ou (lojman ak taks) avantaj asirans pa kouvri tankou depans siplemantè chak jou oswa pèt itilizasyon. Yo pa bay otèl la oswa sivivan yo èd dirèkteman men yo ranbouse sivivan an apre yo bay resi ki montre depans ki soti nan pòch li lè li te fèt

TSA pèmèt sivivan ki kalifye yo rete tanporèman nan otèl oswa motèl patisipan yo lè lòt opsyon lojman yo pa disponib apre yon katastwòf prezidan an te deklare. Aplikan ki kalifye pou TSA yo pa resevwa depans ebèjman yo. FEMA peye sejou a dirèkteman bay founisè lojman patisipan an.

Yo deziyen 25 pawas Louisiana pou jwenn èd FEMA pou Siklòn Ida: Ascension, Assumption, East Baton Rouge, East Feliciana, Iberia, Iberville, Jefferson, Lafourche, Livingston, Orleans, Plaquemines, Pointe Coupee, St. Bernard, St. Charles, St. Helena, St. James, St. John the Baptist, St. Martin, St. Mary, St. Tammany, Tangipahoa, Terrebonne, Washington, West Baton Rouge ak West Feliciana.

Aplike sou entènèt DisasterAssistance.gov oswa rele Liy Èd FEMA a nan 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585) 24 sou 24, 7 jou sou 7. Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou sèvis relè vidyeo (Video Relay Service, VRS), sèvis telefòn avèk soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo sèvis sa a.



**FEMA**

Page 3 of 4

Aplike sou entènèt [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov) oswa rele Liy Èd FEMA a nan 800-621-3362 (TTY: 800-462-7585) 24 sou 24, 7 jou sou 7. Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou sèvis relè vidéyo (Video Relay Service, VRS), sèvis telefòn avèk soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo sèvis sa a.

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, ale sou [fema.gov/disaster/4611](https://fema.gov/disaster/4611). Swiv kont Twitter FEMA Rejyon 6 la [twitter.com/FEMARegion6](https://twitter.com/FEMARegion6) oswa sou Facebook nan [facebook.com/FEMARegion6/](https://facebook.com/FEMARegion6/).



FEMA

Page 4 of 4